

THE FREEDOM POST

A Monthly Publication of Freedom shores
Elementary School
3400 Hypoluxo Road, FL 33436 (561) 804-3100



DECEMBER 2023/JANUARY 2024

A note from Mr. Sabatino,



Chè Paran / Gadyan:

Byen sezon fèt la deja la - Thanksgiving (remèsiman) nan pote print (rapidite) nan tout lòt jou fèt yo. Tan an sanble pase vit e byen vit chak jou!! Anpil moman eksitan rive nan Freedom Shores. Nou te genyen sware paran ESOL nou, Sware alfabetizasyon, premye peti dejene alfabetizasyon, ak Coral Reef Scavenger Hunt pou elèv Pre-K nou yo. Lè sa a nou te fè tranzisyon nan zèm tou Tès Leta a.

Pandan sware ESOL la anpil fanmiy te vini nan lekòl nou an pou developpe yon pi bon konpreyansyon sou sèvis ke elèv yo ap resevwa chak jou nan lekòl la. Ekip ESOL nou an te prezante divès estrateji ak konpetans ke yo kouvri nan jounen lekòl la. Nan sware alfabetizasyon nou an, chak klas yo te prezante aktivite yo ka fè lakay nan lasware, epi itilize yo kòm travay lakay pou ranfòse konpetans timoun yo nan lèkti. Ekip premye ane nou an te kondwi zèm dejene alfabetizasyon pou ane a. Yo te prezante konpetans ki kapab itilize lè timoun yo ap li lakay. Chak moun ki te vini nan rankont lan te resevwa yon kopi liv ki se yon modèl. Klas VPK nou an te òganize yon Coral Reef Scavenger Hunt, ki te fè timoun yo bay adil yo sijesyon sou divès kreyati kap viv nan resif coral yo. Koral resif yo te bati pa elèv yo, ak presante nan koulwa a.

Nan sal klas yo, anpil leson enteresan te fèt sou tapi yo epi pwojè yo te konplete nan ti gwoup pou bay elèv yo plis enstriksyon posib. Pwofesò nou yo te prepare elèv yo pou zèm evalyasyon leta kap vini an.

Pandan nap depoze timoun yo nan maten toujou fè yo desann nan bò pasaje yo. Lew monte otan w kapab sou twotwa a nap kontinye fè pwosedi depoze nou an pi vit. Depi w deja nan baryè lekòl la a 8:00, pitit ou a paka anreta. Men si ou vini aprè 8:00 ou bezwen rantre nan yon parking pou ka siyen ke pitit ou rantre lekòl la. Epi tou, tanpri evite depoze pitit ou yo nan baryè otobis la oswa nenpòt lòt kote nan liy machin nan paske se yon bagay ki danjere el ka lakòz pwoblèm. Nou tout bezwen travay ansanm, ak nan respè pou vwazen nou yo.

Silvouplè pa voye ti moun yo lekòl ak soda kòm bwason pou dejene yo. Nap apresye bwason ki pa gazeuz ak bwason ki pa gen sik. Epi tou, tanpri eseye ba yo ti goute ki bon pou la sante.

Mèsi pou tout sipò ak koperasyon ou chak jou. Nou tout ap travay ansanm poun edike Lidè avni mond lan.

After School Program

Enskripsyon an ap kontinye..... Frè enskripsyon an se \$25 dola pou chak timoun.

2023-2024 Afterschool, Enskripsyon an kounye a li disponib Online.

<https://palmbeachcountyschools.reg.eleyo.com/pick> 2023-2024 ane lekòl la epi pa bliye pou chwazi Freedom Shores Elementary.

Ekolaj:

Vèsman 1ye desanm oswa total dwe 1ye desanm

Vèsman 2 desanm oswa total dwe 15 desanm

Vèsman 1ye janvyè oswa total dwe 9 janvyè

Vèsman 2 janvyè oswa total dwe 22 janvyè



Ivè Imè

Poukisa zwazo vole nan sid pou sezon fredri a?

Li twò lwen pou mache

Ki sa bonom manje manje maten?

Frosted Flakes

Ki kalite zwazo ka ekri?

Pen-guin

Kiyès ki boule ankò yon balèn wouj nan yon balèn vèt?

Ni yo tou de boule pi kout



Counselor's Corner

Mrs. Heitz
diana.heitz@palmbeachschools.org

Mrs. Briceno
vanessa.serrano-briceno@palmbeachschools.org

Alo Paran ak Gadyen!

Nou vle di mèsi a Giving Tree pou don li ban nou ki pote jwa pandan sezon fèt la. Timoun yo te telman kontan epi rekonesan!!!

Dat limit lan ap apwoche pou elèv ak paran ki ta renmen aplike pou pwogram ochwa yo. Yon fwa fenèt aplikasyon an fèmen, li fèmen. Pap genyen yon zèm chans.

Pou elèv ki ta espere ale nan lekòl ak odisyon tankou Bak, dat limit aplikasyon an se 8 Desanm. Pou tout lòt pwogram ochwa, dat limit aplikasyon an se 26 Janvyè. Konseye lekòl la kapab reponn tout kesyon konsènan kalifikasyon ak kondisyon. Ale nan MyPBchoiceApp.com pou plis enfòmasyon.

Nan nouvo ane a Nou ta renmen kòmanse nouvel ane a pou nou ankouraje elèv nou yo pou yo fixe objektif yo nan vini lekòl chak jou e alè.

Nou pral kòmanse yon lòt wotasyon Bon Sans klas Paran byento tou. Klas yo ap fèt nan lang paran nou yo pale ki se Anglè ak Kreyòl (English and Creole). Jiskaprezan nou pa genyen plas ki disponib. Siw te retounen fòm nan deja, Ms Briceño ap kapab kontaktew nan yon tèks oubyen email lè dat la rive.





Konsyans sou zafè andikap ak dileksya:
Ou kapab jwenn resous yo nan lyen sa
a: <https://fndusa.org/> or
<https://www.undertood.org/en>



The Parent As Liaison (Pal)

Paran kòm lyezon (Pal) se Ms. Mary Black, ou kapab jwenn li nan: mary.black.c@palmbeachschools.org pou asistans lèw ap navige pandan ESE pwosesis la. Pou plis enfòmasyon sou Pal yo epi Inivèsite paran yo, ou ka jwenn li la a: <https://www.fdlrsalpha.org/parent-services>.




Child Find

"Child Find" ap ofwi enfòmasyon ak tès depistaj pou timoun 3-5 an ki gen difikilte pou yo aprann, pale, jwe, wè, mache, oubyen tandè. Pou kòmnnse pwosesis la, silvouplè rele ekip "Child Find" lan nan nimewo telefòn sa a (561) 434-7337.



Siw gen bagay ou ta renmen konnen, oubyen nouvo bagay ou ta renmen pataje avek ekip ESE a, silvouplè kontakte Dr. Vereen, ESE Coordinator nan telefòn sa a 561-804-3110 oubyen nan email sa a: sharrie.vereen-thomas@palmbeachschools.org.







CONTACT:
Dr. Sharrié Vereen, ESE Coordinator
sharrie.vereen-thomas@palmbeachschools.org
561-804-3110

Zòn

Zòn regilasyon an se yon konplèt kourikoulòm aprantisaj sosyal-emosyonal ki kreye pou anseye elèv yo sou pwòp kontwol regilasyon ak emosyon yo. Nan Freedom Shores nou itilize kourikoulòm sa a nan klas konpòteman emosyonal men li kapab itilize tou nenpòt kote egalman lakay. Eleman ki pi enpòtan nan inite sa a se anseye timoun yo pou yo rekonèt kisa yo santi ak kòman yo ka fè fas ak santiman sa yo (develope yon plan pou ka pase nan yon lòt zòn). Nou souvan di ak timoun yo - Santiman yo Ok! Se sa ou fè ak yo ki enpòtan.

What Zone Are You In?

Blue Zone	Green Zone	Orange Zone	Red Zone
 SAD	 HAPPY	 SURPRISED	 ANGRY
 HURT	 FOCUSED	 CONFUSED	 RAGING
 SICK	 CALM	 WORRIED	 TERRIFIED
 TIRED	 EXCITED	 SILLY	 ANNOYED
What can I do?	What can I do?	What can I do?	What can I do?
REST	GO	SLOW DOWN	STOP
Take a break  Ask for help  Talk to someone  Jump up and down 5 x  I can also.....? 	Think happy thoughts  Finish my work  Help others  Share ideas  I can also.....? 	Take deep breaths  Talk to someone  Go for a short walk  Count to ten  I can also.....? 	Take a time out  Run a lap  Squeeze a stress ball  Drink water  I can also.....? 



Freedom Shores Elementary

PTO & VOLUNTEER

PTO nan Freedom Shores ta renmen swete chak nan nou yon Bòn Erez sezon Fèt ak yo Bòn Ane!

Mèsi ak chak nan nou ki te volontè epi ki complete 10 È tan volontarya (Ou ka fè olis ankò - Nou renmen sipò ou!)

Rapèl: Ou pa kapab volontè nan pwòp klas pitit ou a. Epi 10 È tan volontarya se egzijans kew genyen anvan ou kapab chaperon nan pwomenad oubyen ede nan yon jou nan jaden.

Ou dwe konplete oryantasyon volontè a anvan ou ka yon Volontè nan lekòl Distri a.

Evènman Kap vini

- 14 Desanm, Kona Ice pandan rekreyasyon
- 20 Desanm, rankont SAC/PTO a 7 am (nan maten).
- 17 Janvyè, Rankont SAC/PTO a 7 am.
- 18 Janvyè, Camyon Krèm glase (Ice Cream Truck) pandan rekreyasyon.
- 25 Janvyè, kòmansman planifikasyon dans zanmitay (Lap gen poul fèt nan 29 Fevriye).



FOR MORE PTO INFORMATION:
freedomshorespto@gmail.com

FOR MORE VOLUNTEER INFORMATION:
freedomshoresvolunteers@gmail.com

BACK TO
School

SCAN FOR HELPFUL PARENT LINKS

S.O.A.R



Will be updated as information comes out

Dual Language & Esol



Mwa pase a ekip ESOL la te fè premye reyinyon konsèy Lidèship paran pou ane lekòl sa a. Anpil paran te patisipe ak benefisyè de yon varyete enfòmasyon sou pwogram ESOL / Pwogram de lang, resous paran/elèv epi chwa pwogram. Yo te bay yo tou devwa, konsèy sou etid ak aktivite alfabetizasyon pou fè lakay yo ak pitit yo.

ACCESS TESTING

Fenèt tès pou Access la ap kòmanse 22 janvyè pou fini 15 Mas. Tout elèv ELL K-5 pral kapab pran tès konpetans langaj Access la nan menm periòd tan sa a. Tès sa mezire pwogrès nan tandè, pale, li ak ekri. Rezilta rapò elèv endividyèl yo nap voye yo lakay pita nan dat ki te prevwa a. Plis enfòmasyon kapab vini byento.T

Paran DL silvouplè rejlwenn nou nan premya atelye nou an nan seri Distri pou paran doub lang nan distri a 7 Desanm kap kòmanse san pèdi tan a 8:30 pou rive 10:00 am.

Ekip doub (2) lang Distri a pran plezi poul anonse lap kontinye angaje paran yo atravè yon seri atelye konplè ki gen kat pati. Premye atelye a ki santre sou bay paran yo konesans de baz sou Immersion (Imèsyon) de lang, deja sou pye. Dezyèm pati nou an nan seri a pral konsantre sou sijè doub lang ak alfabetizasyon bilengwistik, epi plis detay sou sesyon sa a pral devwale an Janvyè.

Jwi vakans ou ak fanmiw! Kreve souvni epi pran pleziw!

CHOICE PROGRAM

Pwogram chwa yo se yon pwogram edikasyon espesyalize ki pèmèt elèv yo pran avantaj nan sous adisyonèl, enstriksyon ki chita sou talan ak enterè endividyèl yon ti moun. Anpil nan lekòl sa yo ofri enstriksyon nan domèn Teknoloji, swen sante, doub lang, atizanal, drama, mizik, dans etc. Si pitit ou a gen yon enterè oubyen yon konesans espesyal, pitit ou a kapab yon bon kandida ki ka patisipe nan pwogram chwa ke lekòl la ofri a. Aplikasyon yo disponib nan Anglè, Espanyòl, Creole, epi Pòtigèz nan sit entènèt Distri a. Dat limit pou aplike a se 8 Desanm 2023 pou BAK Middle School epi 26 Janvye 2024 pou tout lòt lekòl. Ou kapab pale ak Pwofesè 5èm ane a nan sa ki gen awè ak Chwa pwogram yo. Siw ta bezwen plis enfòmasyon oubyen asistans, silvouplè kontakte Ms. Coffman oubyen Ms. Briceño.



Silvouplè sonje pou kontinye pratike lang espanyòl ou! "Istation" se yon bon chemen pou rete pi wo ladanl. Tou elèv DL gen aksè pou yo jwenn liv ak leson pou li an liy nan "Portal" yo. Menm jis yon èd tan pa semèn ta ede evite fè bak nan pwogrè lang yo. Bòn Fèt epi Jwaye nouvèl ane! Happy Holidays and Happy New year!

Kindergarten:

Nan lekòl la, pitit ou a angaje nan Konsyans Fonetik Heggerty. Piti ou a te travay avèk gwo mo (mo konpoze, Silab, ak aparasyon-rime), e kounye a pandan semen kp vini yo, lesan nou yo pral chnje pou koute son endividyèl, oswa fonèm. Konsyans fonemik aprann elèv yo tandè son endividyèl yo nan mo, e sa sipòte devlopman bon jan konpetans pou lekti ak ekriti. Konsyantizasyon fonemik yo te montre yo se yon preditè trè pwisan nan siksè lekti pita. Men kèk aktivite amizan pou nou fè ansanm:

- Èskew ka melanje (mete ansanm) 2 son pou fè yon mo? Pa egzanp, m- ē » me. ã - t » at. n - ò » no
- Devine ki moun ki jwe (de konsyans fonemik nan jèn timoun). Di "Devine ki Non mwen pral di, epi di selman premye son nan Non an. Fè pitit ou a devine non an dapre premye son sa a. ■ Pa egzanp: "Devine ki non mwen pral di ... /d/, /d/, /d/ ..." e yo kapab di Dad (Papi)!"
- Lèw di yon mo, ou kapab ajoute yon son nan yon pati nan mo a pou ka fè yon nouvo mo. Mande pitit ou a: "di -ate, add /g/ nan kòmansman e mo a se ..." e pitit ou kapab di: "gate". Lòt mo ou ka itilize ■ -eep, add /k/ nan kòmansman an » keep ■ -et, ajoute /j/ nan kòmansman an » Jet
- Lèw di yon mo, ou kapab efasel tou (oubyen retirel) premye son. Di, "gate san /g/, Kisa lèt agòch la ye?" e pitit ou a kapab di: "ate".
- Liv pou li ak rejwi nou ansanm se Chicka Chicka Boom Boom by Bill Martin Jr and J. Archambault e One Duck Stuck pa Phyllis Root.

First Grade:

Alo Fanmi elèv 1è ane yo! Mwa Desanm lan deja la e 2023 a prèske rive nan fen li!! Fè pitit ou a li chak swa epi gade ankò frekans mo ki pi wo yo! Silvouplè cheke katab pitit ou a chak jou oubyen chak swa pou wè si pa genyen enfòmasyon enpòtan ou bezwen konnen. Nan lèkti nap gen poun kòmansè Inite 4 la: Istwa yo: Have A Narrator (Gen Yon Naratè). Nap konsantre nou sou Istwa fiksyon yo. Nou kapab ekri opinyon sou sijè a avek yon sans kap fini. Lakay apre lèkti, dekri prensipal eleman ki nan istwa a, poze kesyon, epi kreye yon imaj mantal. Apre, nou pral kòmansè inite 5 lan: Technology ak Society: Teknoloji nan Travay. Lakay li tèks fiksyon ak nonfiksyon. Poze pitit ou yo kesyon sou sa yo te li. Nan Matematik, nou nan inite 6 la: Reprèzante ak Entèprete done, epi rapidman nou pral kòmansè inite 7 la: Pwolonje sekans konte. Lakay, wè souvan kòm an adisyone oubyen soustrè nan 20, e konte pa 2, pa 5, epi pa 10, ale jiska 100. Nan Syans, nou pral konsantre nou sou sik lavi (Life cycles), nan matyè ak pwopriyete li yo. Fè atansyon pou lannwuit STEM! Lakay ou, dekri ki jan bagay yo sanble / diferan. Epitou, obsève, dekri ak idantifye diferan objè yo. Nan Syans Sosyal, nou pral aprann sou jou ferye atravè mond lan. Epi nou pral nan inite 3: Jewografi. Lakay ou, pale sou kat, glòb, ak kote yo soti. Si w ta gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, tanpri kontakte nou. Nou la pou ou! Mèsi pou tout sipò ou. Nou vle voye bon Souwè pou jou ferye ba ou ak fanmi ou. Pase yon ane ki gen kè kontan, an sante ak sekirite! Na wè nan 2024!!!

Second Grade:

Klas 2èm ane a ap di Bòn ane! Nou espere chak moun te genyen yon bon tan repo ak yon bòn Fèt! Nou te genyen yon bon moman amizan nan pwomenad nou nan Kravis Center pou te wè Nutcracker, timoun yo te vreman renmen pèfòmans lan. Se te bon anvan moman repo a, nou te konplete yon dezyèm tou iReady diagnostics lan epi tès FAST la. Nou te vreman renmen wè jan nivo rezilta yo te amelyore! Yo chak te kapab chache jwen rezilta yo e wè kòmman objektif yo ka amelyore. Nou paka tann poun rantr nan 2024 poun grandi plis tankou moun kap aprann.

Third Grade:

Bonjou, fanmi 3yèm ane! Nou fèk kòmanse nouvo inite lekti nou an ki rele "Konpare pwen de vi." Elèv yo ap li pou reponn kesyon esansyèl "Kisa ki fè moun wè menm eksperyans lan yon fason diferan?". Yo ap aprann kijan narrateur a ak pèsonaj yo nan yon istwa gen diferan pèspektiv oswa fason pou gade evènman istwa a. Tanpri kontinye ankouraje pitit ou a li chak swa paske yo pral sèvi ak konpetans yo lè yo pran F.A.S.T. ELA PM2 vandredi 8 desanm.

Nan matematik, elèv yo ap aprann kijan pou ajoute nimewo antye ki gen plizyè chif. Tanpri kontinye kontwòle devwa yo ak tès yo, paske konpetans sa yo pral evalye sou F.A.S.T. PM2 mèkredi 13 desanm.

Anfen, tanpri tcheke dosye kominikasyon pitit ou a ak ajanda chak swa. Pandan sezon fredi a ap apwoche byen vit, nou ta renmen swete tout moun yon bèl sezon fèt ak yon bon ane ki an sante.

Fourth Grade:

Gwo akitilizasyon anvan gwo vakans fen Desanm nan!! Pran yon tatan pou gade sa kap vini pou Desanm ak Janvye a. Premye Desanm, pwomenad nan Kravis Center pou gade The Nutcracker, 4 Desanm rankont Kay. Tès FAST ELA 12 Desanm. Tès FAST Math 14 Desanm, Diagnostik iReady ELA 18 ak 19 Desanm, Diagnostik iReady 20 ak 21 Desanm, Vakans Ivè a se 25 Desanm pou 8 Janvye. Pa gen lekòl 15 Janvye. Sware STEM: 17 Janvye. Okipe, Okipe!! Mèsi pou sipò ou kontinye bay pou asire w ke devwa yo fèt ak kominikasyon paran-pwofesè.

Fifth Grade:

Bon Desanm! Mèsi ak tout paran ki te vini nan sware alfabetizasyon an, li te vrèman amizan. Nan sal klas yo nou te travay sou kòman yo kapab prè pou 2èm won Tès FAST la. Nou kapab pran yon diagnostik Syans pou ede pwofesè yo konnen ki konsèp ki te rive metrize, epi kisa nou bezwen anseye ankò. Nan vandredi kap 15 Desanm lan nap genyen yon Chuck E.fwomaj sware, nou swete wè tout moun ladanl.

Lap rive nan Mèkredi, 17 Janvye nap genyen yon STEM sware, rete konekte pou plis enfòmasyon kap vini lakay ou. Silvouplè pa bliye abiman vandredi nou an. Pitit ou a ka mete yon rad koulè, epi lap bay yon don kise \$1.00. Montan yo pral ede nan fon aktivite final klas 5èm ane a. Siw poko gen yon konferans paran avèk pwofesè pitit ou a, tanpri tyeke pwofesè a pou ka planifye yon rankont ak li. Nou espere chak moun gen yon Bon vakans Ivè, epi nou ta renmen wè nou tout retounen nan 2024.

Tanpri, di yon GWO mèsè a Boynton Beach Calvary Chapel pou bay fanmi nou yo 25 Repa Thanksgiving. Mèsè!




Dec/Jan Newsletter

Nouvèl Garden Club

Nou te travay di nan jaden nou an pa payaj, netwaye ak replante. Nou te pran plezi tou gade tout legim yo grandi! Nou gen kawòt, radi, tomat, chou frize, leti bib, jomou ak goud luffa k ap grandi kounye a. Li toujou yon bon "TIM" nan Garden Club!

Nouvèl sou Garden Club

Nou te travay di nan jaden an pa payaj, netwayaj, ak replante. Nou te pran plezi ou gade tout legim yo grandi! Nou gen kawòt, radi, tomat, chou frize, leti bib, jomou ak goud luffa kap grandi kounye a. Li toujou yon bon "THYME" nan GardenClub la!



Atansyon elèv klas 4yèm ak 5yèm ane: Èske w enterese konstwi ak pwograme robo Lego?

Tanpri rantre nan nou Mèkredi apremidi 2:30-3:30pm.

Nan klib 6 semèn sa a nou pral:

- Bati ak pwograme robo
- Pratike ladrès jeni ak panse kritik
- Devlope ladrès pou rezoud pwoblèm ak panse kreyatif
- Pran plezi!!

Espas limite men nou pral gen de sesyon. Ou ka sèlman rantre nan yon sesyon pou nou ka akomode plis elèv.

Sesyon 1 (kòmanse 24 janvye - 28 fevriye)

Sesyon 2 (kòmanse 6 mas - 17 avril)

Fè atansyon pou depliyon nan sakado pitit ou a!



Silvouplè selebrev ak nou




Lendi 18 Desanm

Deck Halls yo vini a biye ak koulè kay ou




Mèkredi 20 Desanm



Disney on Ice-
Abiye kòm Disney
ou plis renmen an.


Madi 19 Desanm

Toasty Tuesday-
mete chandaj ou pi
renmen jou ferye /
Mayo.




Jedi 21 Desanm



Winter Wonderland-
Mete Blan ak Klere!



Vendredi 22 Desanm



Mete Pijama ou plis renmen pou
jou fèt.




12

DECEMBER

2023

Monday	Tuesday	Wednesday	Thursday	Friday	Saturday	Sunday
				1 2nd & 4th grade field trip	2	3
4	5 K-2 FAST Early Literacy / Reading	6 K-2 FAST Math	7 8-10 am Dual Language Parent Series	8 3rd FAST ELA	9	10
11 K-5 FAST Make ups 2nd grade I-ready Reading 1st grade I-ready Math	12 4th & 5th FAST ELA	13 3rd FAST Math 2nd grade I-ready Math	14 Kona Ice at Recess 4th & 5th FAST Math	15 7:15am - 2nd grade literacy breakfast K-5 FAST Make ups 4-9 Chuckie Cheese	16	17
18 Come decked out in your house colors! K-5 FAST Make ups 1st grade I-ready Reading 4th grade I-ready Reading	19 Wear your favorite ugly sweater/shirt. K-5 FAST Make ups; Class pictures & make up 1st grade I-ready Reading 4th grade I-ready Reading	20 7am- PTO/SAC- Media Center Dress as your favorite disney character. 5th Science Diagnostics; K-5 FAST Make ups 4th grade I-ready Math	21 Wear white and sparkle. K-5 FAST Make ups	22 Wear your favorite holiday pajamas. K-5 FAST Make ups Progress reports post to portal	23	24
25	26	27	28	29	30	31
<h2>Winter Break</h2>						

JANUARY



SUN	MON	TUE	WED	THU	FRI	SAT
31	1	2	3	4	5	6
7	8 No School	9 Students return to school	10 5th grade I-ready Reading	11	12	13
14	15 No School	16 3rd grade I-ready Reading KG grade I-ready Reading	17 7am- SAC/PTO Meeting in Media Center	18 Ice Cream Truck during recess	19 7:15 am-3rd grade literacy breakfast	20
21	22	23 KG grade I-ready Math 3rd grade I-ready Math 5th grade I-ready Math	24	25	26	27
28	29	30	31	1	2	3



ADVERTISE IN OUR NEWSLETTER! If you have a business and would like to advertise in our newsletter or have a banner on campus, Call or Email Audra at (561) 804-3114 audra.spurlin@palmbeachschools.org

A HUGE THANK YOU


TO:



WHO ADOPTED MS. HOWARD'S AND
MS. ALLEGRO'S CLASSES!!!!

A HUGE THANK YOU

TO:



WHO ADOPTED MS. BERGERON'S
CLASS!!!!

Thank you for being a GREAT



Business Partner!!!!

Thank you for being a GREAT




Business Partner!!!!

Thank you for being a GREAT



Business Partner!!!!

Thank you for being a GREAT



Business Partner!!!!

<https://www.hotworx.net/blog/its-all-about-the-results-for-fitness-customers>